



Governor Andrew M. Cuomo
State of New York



Governor Chris Christie
State of New Jersey

Pou Piblikasyon Imedya: 15 septanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO AK GOUVÈNÈ CHRISTIE MANDE POU DE ETA YO PRESE PRESE FÈ YON ETID SOU
PWOTOKÒL SITE AK SEKIRITE YO**

***Task NY, Konseye nan Sekirite Enteryè NJ, Sipèentandan State Police pral Alatèt Etid la epi pral Fè
Rekòmandasyon***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Chris Christie jodi a te anonse yo mande Konseye Sekirite Enteryè ak Sipèentandan State Polis chak eta pa yo pou yo mennen prese prese yon etid onivo de eta yo sou pwosedi site ak sekirite jounen jodi yo. Lè n konsidere ogmantasyon san manti aktivite teworis ak tansyon ki ogmante ant Lamerik ak rezo teworis, Gouvènè Cuomo ak Christie ap aji san pèdi tan ak mezi ki pou garanti bon jan pwotokòl efikas ak kowòdone tabli epi tout antite responsab aplikasyon lalwa yo pare an prevansyon menas fiti ki ka genyen sou rejyon New York-New Jersey. Eta yo pral kowòdone ak Depatman Sekirite Enteryè ak Jistis peyi Etazini, FBI, Depatman Polis New York ak Port Authority.

Etid la, kap fèt apre yon reyinyon ak Majistra Vil New York Bill de Blasio, otorite lapolis onivo lokal, eta ak federal, Gouvènè a te konvoke semèn pase, pral mande epi ankouraje angajman ak kowoperasyon ak responsab nan biwo lapolis ak sekirite piblik onivo lokal, eta ak federal pou kenbe priyorite a sou sekirite piblik rejyon an.

Responsab Sekirite Enteryè ak State Polis la se: Joseph D'Amico, Sipèentandan State Police New York; Jerome Hauer, Manm Komisyon Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans New Yorks; Kolonèl Rick Fuentes, Sipèentandan State Police New Jersey; Christopher Rodriguez, Direktè Biwo Sekirite Enteryè ak Preparasyon New Jersey.

Gouvènè yo pral mande yon rankont pou analize premye rekòmandasyon yo nan dis jou. Nan 30 jou, gwoup la fè rapò dirèk bay toulede gouvènè yo sou tout lòt dekouvèt ak rekòmandasyon.

Lè n konsidere istwa ak pozisyon zòn metwopoliten New York-New Jersey yo ki atire gwoup teworis, nou gade ogmantasyon aktivite teworis ak tansyon ant Lamerik ak rezo estremis sa yo ak gwo nivo atansyon, te deklare Gouvènè Cuomo. “Ak analiz san pèdi tan sa n ap fè sou tout pwosedi ak mezi sekirite lè n konsidere nouvo sikonstans sa yo, n ap pran mezi enpòtan pou nou fè prevansyon pou anpil pwoblèm ki ka genyen. Ant patenè onivo lokal, eta ak federal nou yo, nou gen kapasite ak konpetans estraòdinè nan domèn sekirite, entelijans ak anti teworis yo epi nan tèt ansanm nou pral ranfòse pwoteksyon nou kont ajanda vyolan ak rayisab gwoup teworis sa yo.”

“Lè n konsidere reyalite nouvo menas kap gwosi yo ki soti aletranje, n a pral fèt tout sa nou kapab antanke lidè rejyon sa pou garanti n ap travay ansanm, nou pare epi n ap efikas nan entèkansyon nou kòm sadwa pou pwoteje popilasyon nou an, enfrastrikti enpòtan nou yo, ak sant komès ak biznis nou yo,” te deklare Gouvènè Chris Christie. “Paske nou te yon sib anvan, nou konnen sekirite nou ak preparasyon nou se yon bagay esansyèl pou rejyon an. Na p rete veyatif, dinamik epi tout kote pou garanti nou genyen pwotokòl efikas pou kopere san pwoblèm, angaje san rete ak youn lòt epi travay men nan men nèt ale nan travay sa yo ak tout patenè lapolis ak sekirite nou yo.”

Gouvènè yo [te anonse](#) gwoup de eta yo nan dat 11 septanm 2014, lè yo te remake ogmantasyon aktivite resan mouvman teworis estremis aletranje ak menas posib yo poze pou chak eta ak zòn metwopoliten yo, se te nan pi bon enterè moun yo, enfrastrikti ak resous rejyon an pou yo reyalize yon efò pou ranfòse kowòdinasyon sekirite ak preparasyon ki egziste deja.

Ajans yo kap patisipe nan gwoup la gen ladan: State Polis New Jersey, Biwo Sekirite Enteryè ak Preparasyon New Jersey, New Jersey Transit, Gad Nasyonal Eta New Jersey, Depatman Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans New York, Port Authority New York ak New Jersey, State Police New York, Depatman Polis New York, Metropolitan Transportation Authority Police, Gad Nasyonal New York, ak lòt ajans polisye ak sekirite piblik. Gwoup plizyè ajans lan ap travay nan tèt kole avèk Gwoup Travay Konjwen FBI sou Teworis (JTTF).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE